



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE PLIS PASE 3 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON
PWOGRAM PATENARYA POU KONSÈVASYON**

Sibvansyon pou 45 fidisi pou pwoteje espas ouvè yo, amelyore kalite dlo ak sipòte ekonomi lokal yo

Ede akonpli objektif New York pou pwoteje 30 pousan tè piblik nan tout Eta a disi 2030

Ankouraje solisyon klimatik natirèl, ki se kle nan Plan Aksyon klimatik New York la

Gouvènè Kathy Hochul jodi te anonse plis pase 3 milyon dol nan sibvansyon Pwogram Patenarya pou Konsèvasyon (Conservation Partnership Program) pou 45 fidisi san bi likratif atravè eta a pou sipòte pwojè ki pwoteje kalite dlo tè agrikòl, ranfòse aksè piblik pou lwazi deyò epi konsève espas ouvè pou benefisyè sante kominote a, aktivite touristik ak devlopman ekonomik. Anons yo gen ladan 67 sibvansyon ki finanse atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta New York ki pral pwofite yon lòt 3 milyon dola nan finansman prive ak lokal yo.

"Konsèvasyon tè a esansyèl nan batay New York pou diminye chanjman klimatik la ak pwoteje resous natirèl san parèy yo nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Sipòte travay enpòtan fidisi fonsyè yo atravè eta a pral mennen nou pi pre objektif nou pou pwoteje 30 pousan tè piblik nan New York disi 2030, pou asire jenerasyon k ap vini yo pral gen aksè ak espas vèt ak abita natirèl pwoteje yo."

Land Trust Alliance administre Pwogram Patenarya pou Konsèvasyon an kowòdinasyon ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la. 3.075 milyon dola nan sibvansyon Pwogram Patenarya pou Konsèvasyon an ak 3 milyon dola nan finansman prive ak lokal yo pral ogmante rezistans nan tè eta yo fas ak chanjman klimatik la epi kontribye nan solisyon klimatik yo nan estoke kabòn. Solisyon klima natirèl yo pral jwe yon wòl enpòtan nan abòde risk ki asosye ak chanjman klimatik la.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la Basil Seggos, te deklare,
"Pandan Eta New York ap kontinye aplike Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon

Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, kapasiteke Pwogram Patenarya pou Konsèvasyon an ranfòse nan kominote fidisi fonsyè a pral enpòtan anpil. Fidisi fonsyè yo jwe yon wòl enpòtan nan konsève forè yo ak espas ouvè yo ki pral ede nou atenn objektif sestrasyon kabòn nan Plan Eksploratwa a, ki gen ladan konsève zòn natirèl yo nan kominote defavorize yo pou ede diminye polisyon nan lè a ak emisyon gaz ki lakoz efè sè ki chanje klima. DEC felisite Land Trust Alliance paske li administre pwogram vital sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Land Trust Alliance Ian Andrew Bowman, te deklare, "Moun New York bezwen ak renmen espas ouvè yo pou anpil avantaj sante, lwazi, ak ekonomik yo bay epi nouvo seri finansman sa a pou Pwogram Patenarya pou Konsèvasyon an siyale yon angajman solid pou pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo ak anviwònman an. Sibvansyon sa yo pral pwofite fòs kominote fidisi fonsyè New York la pou pwoteje espas deyò lokal ki presyè yo epi ede bay avantaj klimatik enpòtan. Nan non Land Trust Alliance, mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble Carl Heastie, ak Komisè DEC la Seggos pou travay yo fè pou asire disponiblite dlo pwòp, lwazi deyò, ak opòtinite ekonomik fas ak chanjman klimatik la."

Prim sibvansyon yo anonse jodi a varye ant 2,960 dola ak 100,000 dola, epi yo enkli:

Rejyon Kapital - 664,040 dola

- Agricultural Stewardship Association: Sibvansyon Devlopman Pwofesyonèl, 100,000 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 8,480 dola
- American Farmland Trust: Sibvansyon Katalizè 85,000 dola.
- Columbia Land Conservancy: Sibvansyon Katalizè 115,200 dola
- Greene Land Trust (Fidisi Fonsyè Greene): Sibvansyon Devlopman Pwofesyonèl, 78,000 dola
- Lake George Land Conservancy: Sibvansyon pou Kapasite 23,8000 dola; Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 44,500 dola
- Mohawk Hudson Land Conservancy: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 20,900 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 19,440 dola
- The Nature Conservancy: Sibvansyon pou Kapasite 50,000 dola
- Pitney Meadows Community Farm: Sibvansyon pou Kapasite 23,600 dola
- Rensselaer Plateau Alliance: Sibvansyon pou Kapasite 23,100 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 48,500 dola
- Saratoga PLAN: Sibvansyon pou Kapasite 23,520 dola

New York Santral - 88,300 dola total

- Cazenovia Preservation Foundation: Sibvansyon pou Kapasite 37,400 dola
- Finger Lakes Land Trust (Fidisi Fonsyè Finger Lakes): Sibvansyon Tranzaksyon, 13,000 dola

- New York Agricultural Land Trust (Fidisi Fonsyè Agrikòl New York): Sibvansyon pou Kapasite 37,900 dola

Finger Lakes - 138,100 dola total

- Greene Land Trust (Fidisi Fonsyè Greene): Sibvansyon pou Kapasite 49,400 dola; Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 74,400 dola
- Genesee Valley Conservancy: Sibvansyon pou Kapasite 14,300 dola

Long Island - 253,900 dola total

- North Shore Land Alliance: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 92,700 dola
- Peconic Land Trust (Fidisi Fonsyè Peconic): Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 61,200 dola

Mid-Hudson - 870,950 dola total

- Delaware Highlands Conservancy: Sibvansyon Tranzaksyon, 27,700 dola
- Dutchess Land Conservancy: Sibvansyon pou Kapasite 49,000 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 75,000 dola
- Hudson Highlands Land Trust (Fidisi Fonsyè Hudson Highlands): Sibvansyon pou Kapasite 50,000 dola; Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 100,000 dola
- Mianus River Gorge Preserve: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 39,700 dola
- Mohonk Preserve: Sibvansyon pou Kapasite 27,500 dola; Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 50,000 dola
- Orange County Land Trust (Fidisi Fonsyè Konte Orange): Sibvansyon Tranzaksyon, 49,750 dola
- Outdoor Promise: Sibvansyon pou Kapasite 24,700 dola
- Pound Ridge Land Conservancy: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 35,000 dola
- Putnam County Land Trust (Fidisi Fonsyè Konte Putnam): Sibvansyon pou Kapasite 26,000 dola
- Scenic Hudson Land Trust (Fidisi Fonsyè Scenic Hudson): Sibvansyon Katalizè 100,000 dola.
- Teatown Lake Reservation: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 51,700 dola
- Wallkill Valley Land Trust (Fidisi Fonsyè Wallkill Valley): Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 32,500 dola
- Westchester Land Trust (Fidisi Fonsyè Westchester): Sibvansyon Devlopman Pwofesyonèl, 100,000 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 17,400 dola

- Woodstock Land Conservancy (Fidisi Fonsyè Woodstock): Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 15,000 dola

Mohawk Valley - 51,000 dola total

- Northeast Wilderness Trust: Sibvansyon Tranzaksyon, 31,000 dola
- Tug Hill Tomorrow Land Trust (Fidisi Fonsyè Tug Hill Tomorrow): Sibvansyon Tranzaksyon, 20,000 dola

Vil New York - 177,620 dola total

- Brooklyn Queens Land Trust (Fidisi Fonsyè Brooklyn Queens): Sibvansyon pou Kapasite 33,000 dola
- Green Guerillas: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 44,620 dola
- The Trust for Public Land: Sibvansyon Devlopman Pwofesyonèl, 100,000 dola
- Open Space Institute: Sibvansyon Katalizè 75,000 dola

North Country - 513,790 dola total

- Adirondack Land Trust (Fidisi Fonsyè Adirondack): Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 93,300 dola
- Champlain Area Trails: Sibvansyon Devlopman Pwofesyonèl, 100,000 dola
- Indian River Lakes Conservancy: Sibvansyon pou Kapasite 45,800 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 2,960 dola
- Northeast Wilderness Trust: Sibvansyon Tranzaksyon, 69,000 dola
- OBI Land Trust (Fidisi Fonsyè OBI): Sibvansyon pou Kapasite 18,850 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 7,880 dola
- Open Space Institute: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 75,000 dola
- Fidisi Fonsyè Thousand Islands lan (Thousand Islands Land Trust): Sibvansyon Devlopman Pwofesyonèl, 80,000 dola; Sibvansyon Tranzaksyon, 21,000 dola

Southern Tier - 60,700 dola

- Finger Lakes Land Trust (Fidisi Fonsyè Finger Lakes): Sibvansyon Katalizè 60,700 dola

Rejyon Lwès New York - 256,600 dola total

- Buffalo Niagara River Land Trust (Fidisi Fonsyè Buffalo Niagara): Sibvansyon pou Kapasite 70,000 dola

- Grassroots Gardens WNY: Sibvansyon pou Jerans ak Jesyon Resous 36,600 dola
- Western New York Land Conservancy: Sibvansyon pou Kapasite 50,000 dola; Sibvansyon Katalizè 100,000 dola.

Gen [enfòmasyon detaye sou sibvansyon sa yo ki disponib](#) sou sit wèb DEC la.

Benefisyè sibvansyon ane sa yo gen ladan 35 fidis fonsyè ki akredite ki te garanti verifikasyon endepandan ke travay yo ak operasyon yo satisfè nòm elve pou konsèvasyon tè, jerans ak jesyon san bi likratif. Benefisyè ki resevwa sibvansyon ki akredite yo enkli Adirondack Land Trust, Agricultural Stewardship Association, Cazenovia Preservation Foundation, Champlain Area Trails, Columbia Land Conservancy, Delaware Highlands Conservancy, Dutchess Land Conservancy, Finger Lakes Land Trust, Genesee Land Trust, Genesee Valley Conservancy, Grassroots Gardens WNY, Greene Land Trust, Hudson Highlands Land Trust, Indian River Lakes Conservancy, Lake George Land Conservancy, Mianus River Gorge, Mohawk Hudson Land Conservancy, Mohonk Preserve, The Nature Conservancy, Northeast Wilderness Trust, North Shore Land Alliance, Orange County Land Trust, Open Space Institute, Peconic Land Trust, Pound Ridge Land Conservancy, Putnam County Land Trust, Rensselaer Plateau Alliance, Saratoga PLAN, Scenic Hudson Land Trust, Thousand Islands Land Trust, Trust for Public Land, Tug Hill Tomorrow Land Trust, Walkkill Valley Land Trust, Westchester Land Trust, Western New York Land Conservancy ak Woodstock Land Conservancy.

Depi kreyasyon Pwogram Patenarya pou Konsèvasyon an nan ane 2002, epi ki gen ladan sibvansyon ane sa a, pwogram nan te bay 1,144 sibvansyon ki totalize plis pase 28 milyon dola pou 94 fidisi fonsyè. Globalman, investisman Eta a te byen itilize 29.5 milyon dola nan finansman adisyonèl ki soti nan sous lokal ak sa prive yo.

An desanm 2022, [Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon](#) ki fikse objektif pou sipòte ak kontribiye nan efò nasyonal pou konsève omwen 30 pousan tè ak dlo Etazini yo an 2030. Lejislasyon sa a ankouraje biyodivèsite epi prezève bèt sovaj, forè ak sous dlo pwòp New York yo, ke yo tout esansyèl pou sante ak ekonomi New York la. Bidjè Egzekitif yo Adopte pou Ane Fiskal 2024 la sipòte EPF la avèk 400 milyon dola istorik. EPF bay finansman pou pwogram anviwònmanal enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif nan zafè jistis anviwònmanal.

Konsènan Land Trust Alliance

Li te fonde an 1982, Land Trust Alliance se yon òganizasyon konsèvasyon tè nasyonal ki travay pou sove kote moun bezwen ak renmen yo nan ranfòse konsèvasyon tè a travè Etazini. Alliance lan reprezante anviwon 950 manm fidisi fonsyè ki sipòte pa plis pase 250,000 volontè ak 6.3 milyon manm nan tout peyi a. Alliance lan baze nan Washington, D.C., epi li opere nan plizyè biwo rejyonal. W ap jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon lan ki disponib sou www.landtrustalliance.org.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)